

5010**5010**

REGLEMAN SBBC KONT VYOLANS OSWA ABI NAN RELASYON MENAJ AK FREKANTASYON

School Board of Broward County, Florida, (SBBC), Konsèy Edikasyon Broward County (SBBC) pran angajman pwoteje elèv-li yo kont lòt elèv ki komèt vyolans ak/oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon (dating). SBBC kwè tout elèv andwa fè yon espéryans eskolè ki ofri sekirite, ki ekitab epi lib de tout arasman (asèlman). Konfòmeman ak entansyon epi egzijans lwa Florid, Section 1006.148, Florida Statutes, SBBC mentni pozisyon li pap tolere vyolans ak/oswa abi nan frekantasyon ak relasyon menaj epitou aksyon sa yo ka lakòz sanksyon disiplinè. Yo dwe entèprete epi aplike Regleman sa (Policy) yon fason konsistan avèk tout lwa Leta, lwa Federal ki aplikab epi direktiv Konsèy Edikasyon. Kondwit vyolans oswa abi nan relasyon mennaj ak frekantasyon, entèdi, jan sa defini nan dokiman sa.

Li esansyèl pou n mete an plas yon pwogram prevansyon inivèsèl e bazik konsa chak lekòl va resevwa pwogram ki va sèvi kòm fondasyon nan bati yon kilti sante, byennèt, sekirite, respè ak ekselans anmenmtan aji kòm prevansyon.

Nòm regleman sa konstitye yon sistèm sipò espesifik, sible, kowòdone, entegre, sansib kiltirèlman pou tout elèv, estaf, fanmi, ak ajans kominotè, nan kad amelyorasyon relasyon andedan chak lekòl. Direktiv la egzije tout pèsonèl eskolè resevwa fòmasyon ki nesesè epitou jwenn sipò lè lekòl la angaje li pwomouvwa sensibilizasyon, ofri trening pou entèvansyon, ak anseye estrateji sou prevansyon ikonpri prevansyon vyolans; nan sans sa ankouraje estaf, paran ak elèv Distri a patisipe nan divès trening.

I. SBBC Entèdi Vyolans oswa Abi nan Relasyon Menaj ak Frekantasyon

- A. Yo pap tolere vyolans ak/oswa abi nan frekantasyon ak relasyon menaj, sanksyon ak aksyon disiplinè aplikab si sitiyasyon an rive:
 1. sou pwopriyete lekòl la;
 2. pandan nènpòt pwogram oswa aktivite edikasyon SBBC òganize;
 3. pandan pwogram oswa aktivite anrapò ak lekòl la oswa sou patwonaj lekòl la;
 4. pandan transpòtasyon sou patwonaj lekòl la.

II. Definisyon Anrapò ak Vyolans ak/oswa Abi nan Relasyon Menaj ak frekantasyon

- A. ***Dating Violence or Abuse*** – Vyolans oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon vledi abi oswa mènnas abi emosyonèl, vèbal, seksyèl, oswa fizik ke yon elèv itilize nan frekantasyon oswa nan relasyon menaj, relasyon kounyea oswa pase, kote elèv-la egzèse pouvwa ak kontwòl sou yon lòt elèv. Abi se ka ensilt, gwo presyon, sabotaj sosyal, arasman seksyèl, stalking/swiv yon moun, mènnas ak/oswa zak abi fizik oswa abi seksyèl. Patnè abizè adopte konpòtman vyolan ak/oswa fè gwo presyon pou egzèse pouvwa epi kontwole menaj li nan relasyon la oswa lè li frekante elèv-la. Abizè a ka abize, arase, stalking grasa aparèy elektwonnik tankou telefòn selilè ak konpitè, arase avèk konkou yon twazyèm pati, epi arasman ka fizik, mantal oswa toulede.

III. Atant

Broward County School District (Distri Eskolè Broward County) atann aske chak elèv kondwi tèt li selon nivo devlopman li, matirite, ak vrè abilte li teni kont dwa ak byennèt lòt elèv epitou selon

objektif edikatif alorijin tout aktivite eskolè.

- A. Tout administraté, pwofesè, ak estaf, an kolaborasyon avèk paran, elèv, epi manm kominote, va enkòpore metòd sistemik pou rekonesans elèv ak estaf grasa ranfòsman pozitif bon kondwit, disiplin, sivis ak siksè akademik, jan sa esplike nan plan eskolè rekonmande pou abòde kesyon kilti ak konpòtman pozitif nan lekòl (koni sou non Plan Disiplin).
- B. Esplike dwa elèv jan sa endike nan Regleman sa ak nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv: Respè pou Moun ak sa ki pou Yo.
- C. Lekòl la dwe pran mezi prevansyon apwopriye ak etap entévansyon apwopriye baze sou nivo gravite enfraksyon an jan sa esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, Plan Disiplin, ak nan Regleman sa (Policy).

IV. Rapòte yon Zak Vyalans ak/oswa Abi nan Relasyon Menaj ak Frekantasyon

Viktim vyalans oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon, nenpòt moun ki te temwen yon zak vyalans ak/oswa abi nan relasyon menaj, nenpòt moun ki gen rezon sispèk yon zak vyalans ak/oswa abi nan frekantasyon ak relasyon menaj dwe depoze plent pou vyalans oswa abi nan frekantasyon ak relasyon menaj (dating). **Nenpòt moun ki soumèt/depoze yon plent/konplent an bònswa oswa rapòte vyalans oswa abi sa li pap sibi konsekans negativ nan anplwa fiti, nòt li pran, anviwonnanman aprantisaj oswa milye travay, oubyen tach.** Toutfwa yo va pran mezi korektif apwopriye kont tout moun yo jwenn ki akize enjisteman oswa entansyonèlman yon lòt moun de yon zak vyalans oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon.

- A. Chak direktè lekòl oswa administratè deziye responsab resevwa konplent vèbal oswa alekri, ensike rapò anonim sou akizasyon kondwit anrapò ak vyalasyon regleman sa. Yo dwe konsidere rapò ekri oswa vèbal yon zak vyalans ak/oswa abi nan relasyon menaj kòm yon mwayen ofisyèl pou rapòte zak la.
- B. Lekòl la ankouraje nenpòt elèv ak/oswa paran/responsab, nan non pleyan an, ki kwè li se yon viktim vyalans ak/oswa abi nan relasyon menaj oswa frekantasyon oubyen nenpòt elèv ki vin okouran de yon ensidan (plizyè ensidan) ki enplike vyalans ak/oswa abi nan relasyon menaj oswa frekantasyon, dwe rapòte ensidan an (plizyè ensidan) bay nenpòt anplwaye distri eskolè a. **Yo dwe soumèt plent ak rapò san pèdi tan apre ensidan sipoze a, men yo dwe depoze/soumèt konplent nan peryòd tan katrevendis (90) jou lekòl apre akizasyon ki pi resan zak vyalans ak/oswa abi nan relasyon menaj oswa frekantasyon. Si viktim prezime pa inisyé ak/oswa swiv pwosedi konplent la nan delè mansyone, sa ka lakòz konplent la konsidere kòm abandone alega ensidan patikilye sa.**
- C. Tout anplwaye, pwofesè ak estaf distri a dwe rapòte egzijibleman, san pèdi tan, alekri bay Direktè lekòl/Deziye li, tout akizasyon vyalans ak/oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon, oubyen vyalasyon Regleman sa e ki enplike elèv. Si anplwaye/pwofesè/estaf pa rapòte vyalans, abi oswa vyalasyon regleman, sa ka lakòz sinksyon disiplinè, konfòmeman ak dispozisyon kontra kolektif travay oswa direktiv Konsèy Edikasyon, sinksyon ka ale jiska tèmine anplwa.

V. Pwosedi Envestigasyon ak Akomodasyon

- A. Nan chak lekòl Distri a, direktè/tris lekòl la oswa administratè lekòl ki deziye (plizyè administratè ki deziye) ki resevwa trening nan pwosedi envestigasyon se sèl yo-menm ki va mennen envestigasyon. Administratè lekòl la ki deziye pa ka yon paran akize a oswa viktim prezime.
- B. Pandan ankét la, konfòmeman ak egzijans lalwa epi regilasyon ki aplikab, direktè

lekòl/anplwaye li deziye ka pran tout mezi ki nesesè pou pwoteje pleyan an, viktim ki prezime, ak lòt élèv. Elèv pleyan ak/oswa viktim prezime va kontinye frekante menm lekòl la epi pouswiv etid yo jan sa prevwa, anmenmtan envestigasyon ap fêt annatandan rezolisyon plent la. Tribunal ki rann yon òdonans legal, aseptab.

- C. Tout demann pou akomodasyon ak adaptasyon dwe fêt swa vèbalmans swa alekri, bòkote nenpòt anplwaye k'ap travay nan lekòl la epi demann sila dwe al jwenn direktè/tris lekòl la oswa anplwaye ke direktè a deziye, ki va dokimante demann la alekri. Akomodasyon ak adaptasyon enkli, men pa limite ak, chanjman orè klas, chanjman orè lench, espas prive pou rankont avèk konseye oryantasyon (school guidance counselor) oswa lòt manb pésonèl apwopriye, oswa soti ak retou ki ofri sekirite nan ak andedan lekòl la.
- D. Si yo detémine vyolans ak/oswa abi nan relasyon menaj, direktè lekòl la/anplwaye ki deziye va pran mezi ak aksyon disiplinè imeda, selon sikostans ki antoure konpòtman an (konpòtman yo), selon direktiv Liv Kòd Kondwit pou Elèv ak Plan Disiplin Distri a.
- E. Lè sa vin nesesè pou mennen ankèt la oswa pou lòt rezon valab, epi konfòmeman ak lwa federal epi lwa leta sou pwoteksyon vi prive, direktè lekòl/anplwaye li deziye oswa administratè zòn/Distri apwopriye kapab diskite kontni plent la avèk nenpòt anplwaye distri eskolè a, paran viktim prezime, paran pleyan an oswa paran akize a, nan ka youn se minè oswa toulede minè (oswa te bay konsantman li oswa lekòl la te jije yon adilt te enkonpetan oswa pap kapab bay konsantman enfòme akòz dizabilite), epitou avèk/oswa ajans pwoteksyon timoun anchaje envestige abi timoun.
- F. Si direktè/tris lekòl la jije zak ki rapòte a, zak vyolans ak/oswa abi nan relasyon menaj tonbe andeyò jiridiksyon Distri a, epi direktè/tris sispek zak prezime a se yon zak kriminèl, li va transmèt dosye a bay lapolis epi rapòte ka a bay Inite envestigasyon spesyal/Special Investigative Unit (SIU). Direktè lekòl la dwe founi entèvansyon ki apwopriye epi transmèt tout dokimantasyon selon regleman sa (Policy).
- G. Nan mezi sa posib, evite tout kontak fasafas ant viktim prezime ak abizè prezime. Toutfwa si chanjman nesesè, konsidere ak atansyon preferans viktim prezime a. **Enpoze chanjman nan bis, saldeklas, oswa lòt chanjman nan orè sou abizè prezime, men pa sou viktim prezime a.**
- H. Tout potokol evalyasyon mennas Distri a dwe toujou respekte.

VI. Pwosedi Apèl

Yon élèv dwe swiv pwosedi apèl pou vyolans ak/oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon, etap pwosedi a esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv – “Dwa pou fè apèl” “Right to Appeal Unfair Penalties.”

VII. Konfidansyalite

Anplwaye lekòl dwe absteni pataje enfòmasyon konfidansyèl élèv avèk lòt anplwaye lekòl, élèv, oswa manb kominate, esepte si lalwa egzije divilgasyon enfòmasyon oswa divilgasyon an nesesè pou pwoteje sekirite élèv la, konfòmeman ak lwa leta epi lwa federal.

- A. Nan mezi sa posib, trete tout plent kòm konfidansyèl selon regleman ak direktiv policy SBBC, SBBC Policy 5100.1, F.S. § 1002.22(2), § 1002.221; lwa sou dwa edikasyonèl fanmi ak vi prive/*Family Educational Rights and Privacy Act ("FERPA")*; lwa sou asirans sante/*Health Insurance Portability and Accountability Act ("HIPAA")* ak lwa F.S. § 119.071(2);
- B. Yon divilgasyon limite ka nesesè pou mennen yon envestigasyon konplèt e apwondi jan sa dekri anwo a. Devwa Distri a se envestige epi pran mezi korektif ki ka ranplase dwa yon endividé ki pèdi dwa vi prive li, jan sa prevwa nan lwa federal ak/oswa leta.

- C. Idantite pleyan an dwe pwoteje jan sa prevwa nan lwa a, men konfidansyalite absoli pa garanti.
- D. Idantite viktim la dwe pwoteje nan tout zak ki rapòte jan sa prevwa nan lwa a.

VIII. Tire revanj entèdi

- A. Tire revanj enkli, men pa limite ak nenpòt fòm entimidasyon, revanj oswa arasman an relasyon dirèk ak fè yon rapò, depoze yon plent oswa ede nan envestigasyon anba Regleman sa.
- B. Tout konpòtman revanj oswa menasan kont yon moun ki pote plent oswa fè yon rapò konsènan vyolans ak/oswa abi nan relasyon meanaj ak frekantasyon oubyen tout endividé ki te temwaye, ede, oswa patisipe kélkeswa fason an, nan yon envestigasyon, konpòtman revanj entèdi epi lakòz mezi disipliné.

IX. Referal adisyonèl

Nan tout ka, Distri a rezève dwa li pou li transmèt rezulta envestigasyon li fè bay pwokirè disetyèm tribunal Florid/*State Attorney for the 17th Judicial Circuit of Florida* pou pouswit lajistis. Distri a andwa deside adopte nouvo mezi oswa abandone yo.

X. Pwogram Fòmasyon sou Prevansyon Vyolans ak/oswa Abi nan Relasyon Menaj

- A. Okonmansman chak ane eskolé, chak direktè/tris lekòl/deziye va sansibilize epi enfòme TOUT élèv (kélkeswa laj), anplwaye lekòl, paran, oswa tout lòt moun anchaj byennét yon élèv, sou dispozisyon ki eslike nan Regleman (Policy) sa.
- B. Odebi chak ane eskolé, estaf lekòl-yo va resevwa fòmasyon sou jan pou idantifye, prevni, entèvni, epi envestige kesyon vyolans ak/oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon.

XI. Kourikoulòm Prevansyon Vyolans ak/oswa Abi nan Relasyon Menaj ak Frekantasyon

- A. Kourikoulòm edikasyon sante pou élèv k'ap fè klas 7 rive 12 ane, va enkli yon konpozan vyolans ak/oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon. Estaf enstriksyon va anseye kourikoulòm la konfòmeman ak direktiv Section 1003.42, Florida Statutes. Pwogram sou vyolans ak/oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon va enkli, men pa limite ak, definisyon vyolans oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon, siy ki annonse vyolans oswa abi, rekonesans konpòtman abizan, karakteristik bon relasyon, mezi pou anpeche epi rete abi, ensike resous kominoté ki disponib.
- B. Pwogram edikasyon sante pou élèv k'ap fè klas K rive 6 ane, va enkli yon chapit sou vyolans ak/oswa abi nan relasyon menaj ak frekantasyon. Se pèsonel enstriksyon ki va anseye kourikoulòm la selon nivo devlopman élèv-yo.
- C. Kourikoulòm ki chwazi va mete aksan sou yon edikasyon fonde sou prevansyon.

XII. Garanti Konstitisyonèl

Regleman (Policy) sa pa entèdi aktivite ekspresiv ki gen pwoteksyon Premye Amannman Konstitisyon Etazini oswa Atik I, Seksyon 4 Konstitisyon Leta Florid.

XIII. Preklizyon (preclusion)

Yo pa dwe entèprete Regleman sa kòmkwa pou anpeche yon viktim oswa yon akize mande reparasyon anba lòt lwa sivil oswa kriminèl ki ka akòde reparasyon.

XIV. Separabilite (severability)

Si yon tribinal deklare yon dispozisyon Regleman sa ilegal, envalid oswa inaplikab, sa pap afekte validite oswa egzekisyon nenpòt dispozisyon Regleman (Policy) sa.

- OTORITE LEGAL: F.S. 1001.41(1), (2) AND (5)
- APLIKASYON LALWA: F.S. 1006.148; F.S. 784.046
- REGLEMAN ADOPTÉ: 8/2/11